



Pou Piblikasyon Imedya: 05/04/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA**

***Kouvrefe 11 PM nan leve pou Kazino, Sal Sinema, Bowling, Sal Biya, Sant Jimnastik ak Kondisyònman Fizik yo apati jodi a***

***4,434 pasyan entène nan tout Eta a***

***906 pasyan nan ICU; 577 nan entibasyon***

***Pousantaj pozitivite nan tout Eta a se 4.38%***

***57 moun mouri akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a.

Apati jodi a, kouvrefe 11 p.m. ki anplas pou kazino, sal sinema, bowling, sal biya, sant jimnastik ak kondisyònman fizik yo ap leve. Kouvrefe 11 p.m. pou etablisman manje ak bwason yo ak kouvrefe 12 a.m. pou òganizasyon evènman an rete anvigè. Yo pral evalye toude kouvrefe yo pita nan mwa sa a.

"Nan sa ki pou wè ak COVID la, pa gen dout ke konpòtman yon kominote fè yon diferans, epi sa vle di pote mask, kenbe distans sosyal, epi lave men nou. Kèk moun pral di yo fatige ak COVID, tanperati a cho epi chif sou moun ki mouri yo ap bese, men kominote ki aksepte filozofi sa a pral genyen an premye pi gwo pousantaj transmisyon yo. Nou tout konprann fatig akòz COVID la, men pandemi an pa ko fini", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Toujou genyen varyant epi ou toujou kapab tonbe malad, epi wi moun ap pran vaksen an, men kantite a poko sifizan. Nou ap obsève kominote yo kote reyèlman nou te genyen pwoblèm yo ak kote nou te reyalize edikasyon piblik ki siyifikatif pou adrese yo, men pi enpòtan ankò, moun yo te konnen nan kominote yo a ke yo te genyen yon pwoblèm. Yo te wè moun prale lopital, epi yo te reponn. Men moun yo ap detann yo kounye a, epi lè moun ap detann yo ak COVID, sa se yon pwoblèm. Se yon lènmi fòmidad. Ou rete ak de bra ou balanse, epi ou panse sa fini, lènmi an atake. Epi literalman se kominote apre kominote."

Li enpòtan pou nou remake ke done yo, gen ladan rezilta tès yo ak pousantaj lopital yo, ke yo te rapòte nan semèn lan souvan pa reflekte konplètman sityasyon aktyèl la akòz

volim egzeyat ak tè s ki pi ba yo pandan wikenn lan. Tandans nan done yo pandan yon peryòd tan, tankou itilizasyon mwayèn 7 jou yo, se yon kritè ke nou prefere.

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 150,225
- **Total Pozitif** - 6,583
- **Pousantaj Pozitif** - 4.38%
- **Kantite Pasyan Ki Entène** - 4,434 (+61)
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 3.57%
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 474
- **Lopital Konte yo** - 50
- **Kantite ICU** - 906 (+24)
- **Kantite ICU nan Entibasyon** - 577 (+15)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 164,496 (+410)
- **Moun ki Mouri** - 57
- **Total Moun ki Mouri** - 40,813

Kapasite kabann lopital rejyon an ak kantite moun ki ladan yo, gen ladan kantite pasyan ki entène kòm pousantaj nan popilasyon rejyon an, repati konsa:

<b>Rejyon</b>	<b>Pasyan COVID ki Atkyèlman nan Lopital nan Rejyon an</b>	<b>Pasyan COVID kòm Pousantaj Popilasyon Rejyon an</b>	<b>Pousantaj Kabann Lopital ki Disponib nan Espas 7 Jou nan Kad Plan Ogmantasyon an</b>
Capital Region	98	0.01%	32%
Central New York	46	0.01%	35%
Finger Lakes	165	0.01%	42%
Long Island	770	0.03%	35%
Mid-Hudson	512	0.02%	45%
Mohawk Valley	68	0.01%	38%
New York City	2444	0.03%	33%
North Country	21	0.01%	57%
Southern Tier	70	0.01%	51%
Western New York	240	0.02%	37%

Nan tout Eta a	4434	0.02%	37%
----------------	------	-------	-----

Kapasite kabann pou Inite Swen Entansif (Intensive Care Unit, ICU) ak kantite moun ki ladan yo repati konsa:

Rejyon	Total Kabann pou ICU nan Rejyon an	Total Kabann pou ICU ki Okipe nan Rejyon an	Pousantaj Kabann pou ICU ki Disponib nan Rejyon an (Mwayèn 7 jou)
Capital Region	231	190	18%
Central New York	262	172	34%
Finger Lakes	397	224	42%
Long Island	854	632	24%
Mid-Hudson	677	370	42%
Mohawk Valley	97	76	21%
New York City	2,567	1,929	25%
North Country	57	30	47%
Southern Tier	126	66	44%
Western New York	545	321	39%
Nan tout Eta a	5,813	4,010	30%

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	VANDREDI	SAMDI	DIMANCH
Capital Region	2.30%	2.27%	2.37%
Central New York	1.17%	1.21%	1.36%
Finger Lakes	2.36%	2.40%	2.65%
Long Island	4.47%	4.40%	4.37%
Mid-Hudson	4.82%	4.78%	4.63%
Mohawk Valley	1.59%	1.55%	1.64%
New York City	4.34%	4.26%	4.22%

North Country	1.51%	1.63%	1.64%
Southern Tier	0.79%	0.77%	0.76%
Western New York	4.03%	4.44%	4.72%
Nan tout Eta a	3.59%	3.56%	3.57%

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

<b>MINISIPALITE</b>	<b>VANDREDI</b>	<b>SAMDI</b>	<b>DIMANCH</b>
Bronx	4.72%	4.73%	4.45%
Brooklyn	4.41%	4.39%	4.26%
Manhattan	2.99%	2.91%	2.66%
Queens	4.93%	4.87%	4.79%
Staten Island	5.33%	5.28%	4.96%

Nan total 1,897,003 moun ki te teste pozitif pou viris la, zòn jewografik yo repati konsa:

<b>Konte</b>	<b>Total Pozitif</b>	<b>Nouvo Pozitif</b>
Albany	22,925	70
Allegany	3,071	4
Broome	16,806	23
Cattaraugus	4,897	20
Cayuga	5,679	30
Chautauqua	8,050	50
Chemung	6,918	11
Chenango	2,893	14
Clinton	4,296	22
Columbia	3,734	11
Cortland	3,446	5
Delaware	2,021	8
Dutchess	26,680	107
Erie	76,365	489
Essex	1,461	1
Franklin	2,333	7
Fulton	3,850	11
Genesee	4,871	18
Greene	3,014	5
Hamilton	294	0
Herkimer	4,810	8
Jefferson	5,279	5
Lewis	2,358	7

Livingston	3,851	3
Madison	4,155	9
Monroe	57,780	242
Montgomery	3,685	13
Nassau	170,680	501
Niagara	17,014	114
NYC	850,901	3,118
Oneida	20,971	33
Onondaga	34,741	112
Ontario	6,476	41
Orange	44,185	137
Orleans	2,637	8
Oswego	6,717	30
Otsego	2,995	17
Putnam	9,757	28
Rensselaer	10,217	36
Rockland	44,234	84
Saratoga	13,713	45
Schenectady	11,987	36
Schoharie	1,445	2
Schuyler	954	5
Seneca	1,811	6
St. Lawrence	5,995	11
Steuben	6,040	19
Suffolk	185,911	566
Sullivan	5,710	19
Tioga	3,206	16
Tompkins	3,951	7
Ulster	12,322	51
Warren	3,239	5
Washington	2,733	8
Wayne	4,945	28
Westchester	121,803	296
Wyoming	3,125	9
Yates	1,066	2

Yè, te gen 57 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 40,813. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

<b>Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans</b>
--

<b>Konte</b>	<b>Nouvo moun ki mouri yo</b>
Bronx	8
Broome	1
Chautauqua	1
Kings	15
Manhattan	6
Monroe	2
Montgomery	1
Nassau	5
Oneida	1
Onondaga	1
Queens	7
Rensselaer	1
Richmond	1
Suffolk	5
Sullivan	1
Westchester	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)